MANYÈL SOU PWOGRAM POU TIMOUN DOUWE

pou Elèv ki Fèt an

2009

Haitian Creole | Kreyòl Ayisyen

Pou elèv ki bezwen antre nan pwogram nan an Septanm 2017

NYC Department of Education

Bill de Blasio
Mayor

Carmen Fariña
Chancellor

Dat Enpòtan

2016
Nov

Sesyon enfòmasyon pou Admisyon nan Lekòl Primè*

2016
Novanm
14

Dat limit pou Demann pou pran Tès (RFT)

*Anrejistre w pou yo ka mete w sou lis pou resevwa imèl sou Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe oswa rele 718-935-2009 pou enfòmasyon sou dat ak adrès

Janvye 2017

Tès pou elèv ki aktyèlman nan lekòl piblik klas kindergarten jouk rive 2yèm ane

4-20

Tès pou elèv ki aktyèlman nan pre-kindergarten ak nan lekòl ki pa lekòl piblik

7 **8** **14** **15**

21 **22** **28** **29**

2017
Kòmansman
Avril

Yo voye rapò sou rezilta yo ak aplikasyon yo bay elèv ki elijib yo

2017
Avril
24

Dat Limit pou soumèt aplikasyon

2017
Kòmansman
Jen

Yo voye lèt òf yo bay fanmi yo

2017
Jen
16

Dat limit pou aksepte oswa refize òf yo

Resous Enpòtan

Demann sou Entènèt pou pran Tès

schools.nyc.gov/ApplyOnline
Enskri w pou pran tès la anvan 14 novanm 2016.

Sitwèb

schools.nyc.gov/GiftedandTalented
Tcheke sitwèb sa a pandan tout ane a pou jwenn plis enfòmasyon ak resous sou Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe.

Imèl

schools.nyc.gov/subscribe
Anrejistre w pou yo mete w sou lis imèl pou Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe pou w sa gen dènye enfòmasyon ak rapèl sou dat enpòtan yo.

Telefòn

718-935-2009
Rele nenpòt lè pou poze kesyon ou genyen konsènan Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe.

Sant Akèy pou Fanmi

schools.nyc.gov/WelcomeCenters
Ale nan yon Sant Akèy pou Fanmi pou pale ak anplwaye yo konsènan Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe. Wap jwenn lis adrès Sant Akèy pou Fanmi yo dèyè do manyèl sa a.

Biwo Evalyayson

212-374-6646
ServiceCenter@schools.nyc.gov
Kontakte Biwo Evalyayson an (Office of Assessment) si w gen kesyon sou tès la ak kesyon sou fason yo administre tès la.



High School for Arts and Business
Elèv: Nowell Cheng
Pwofesè: Gina Cestero
Direktè Lekòl la: Ana Zambrano-Burakov

Chak ane, Depatman Edikasyon Vil New York ansanm avèk Cooper Hewitt, Smithsonian Design Museum kolabore nan yon konkou konsepsyon desen pou kouvèti pou elèv lekòl segondè piblik yo. Se Nowell Cheng, yon elèv nan High School for Arts & Business, ki konsevwa kouvèti manyèl sa a. Pou ka gen plis enfòmasyon, mande pwofesè boza w la oswa ale sou sit Entènèt la nan **schools.nyc.gov/coverdesign**.

MANYÈL SOU PWOGRAM POU TIMOUN DOUWE

pou Elèv ki Fèt an

2009

Pou elèv ki bezwen antre nan pwogram nan an Septanm 2017

Se politik Depatman Edikasyon Vil New York pou ofri opòtinite egal nan edikasyon san konsiderasyon pou ras aktyèl oswa ras ke yo pèsevwa, koulè po, relijyon, laj, kwayans, etnisite, peyi orijin, kondisyon imigrasyon, kondisyon sitwayènte, andikap, gwosè, sèks (gason/fi) oswa oryantasyon seksyèl epi pou kenbe yon anviwònman ki pa gen arasman pou okenn nan rezon ki pi wo a, ikonpri arasman seksyèl oswa reprezay. Ou ka poze kesyon konsènan konfòmite avèk lwa apwopriye yo ba: Director, Office of Equal Opportunity, 65 Court Street, Room 1102, Brooklyn, New York 11201. Telephone 718-935-3320.

NYC Department of Education

Bill de Blasio
Mayor

Carmen Fariña
Chancellor



KONTNI

BYENVENI NAN ADMISYON NAN PWOGRAM TIMOUN KI DOUWE

1.0 Kisa pwogram pou Timoun Douwe ye? 2
- 1.1 Ki Pwogram G&T ki Disponib? 2
- 1.2 Kijan Admisyon an pwogram G&T a Fonksyone? 3
- 1.3 Kimoun ki ka patisipe nan Admisyon nan pwogram G&T? 3

2.0 Enskri w pou pran tès pou pwogram G&T a anvan 14 novanm 2016 4
- Fòm Demann pou pran Tès (RFT) 5

3.0 Pran yon Dat pou Tès G&T a 7
- 3.1 Elèv ki aktyèlman nan klas kindergarten jiska klas 2yèm ane nan Lekòl Piblik 7
- 3.2 Elèv ki nan lekòl Pre-Kindergarten, nan lekòl Charter, ak nan lekòl ki pa Lekòl Piblik 7
- 3.3 Fanmi ki gen plizyè Timoun 7
- 3.4 Fanmi kap Kite sistèm Lekòl Piblik la 7
- 3.5 Fanmi ki rete nan Lojman Tanporè 8
- 3.6 Chanje Dat la poutèt Maladi 8

4.0 Preparasyon pou Tès G&T a 8
- 4.1 Evalyasyon ki Pa Oral la (NNAT) 8
- 4.2 Evalyasyon Oral la (OLSAT) 9
- 4.3 Akomodasyon pou pran Tès la 9
- 4.4 Tès nan lòt lang ki pa Lang Anglè 10
- 4.5 Preparasyon pou pran Tès la 10
- 4.6 Pwosedi Kontestasyon pou Administrasyon Tès la 11
- 4.7 Kredibilite ak Validite Evalyasyon an 11
- 4.8 Koreksyon Evalyasyon an 11

5.0 Kisa kap fèt apre Tès G&T a? 12
- 5.1 Lè w resevwa Rezilta w yo 12
- 5.2 Chèche konnen si w Elijib 13
- 5.3 Soumèt Aplikasyon pou Pwogram G&T a anvan 24 avril 2017 13
- 5.4 Aplikan ki gen frè ak sè 13

6.0 Resevwa yon Òf G&T 14
- 6.1 Pwogram onivo tout Vil la 14
- 6.2 Pwogram distri a 14
- 6.3 Plasman nan Nivo klas 15
- 6,4 Òf pou mete elèv la sou lis datant 15
- 6.5 Sèvis Transpò 15

LEKÒL KI GEN KLAS G&T NAN ANE 2016-2017 17

PWOGRAM EVALYASYON POU TIMOUN DOUWE
- Eksplikasyon pou Bay Tès la 21
- Tès Pratik 2016-2017 33

LIS VERIFIKASYON POU MACHASUIV YO

Itilize Lis Verifikasyon pou Machasuiv sa a pou prepare pou chak pati Admisyon nan pwogram Timoun Douwe a.

OKTÒB/NOVANM

- [ ] Li Manyèl sou Pwogram pou Timoun Douwe a.
- [ ] Ale nan yon sesyon enfòmasyon sou Admisyon nan Lekòl Primè yo konn òganize nan distri lekòl ou.
- [ ] Soumèt Demann pou Pran Tès la (RFT) sou entènèt oswa an pèsòn nan lekòl piblik kote pitit ou ye kounyeya oswa nan yon Sant Akèy pou Fanmi avan **14 novanm 2016.**

DESANM

- [ ] Wap resevwa konfimasyon randevou yo bay pitit ou pou l pran tès la.
- [ ] Prepare pou Tès G&T a avèk pitit ou, pou fè sa, revwa tès pratik ki nan Manyèl G&T a.

JANVYE

- [ ] Pitit ou pral pran Tès G&T a swa nan lekòl piblik kote l ye kounyeya oswa nan wikenn kote yap bay tès la.

AVRIL

- [ ] Wap resevwa rapò rezilta pitit ou.
- [ ] Si pitit ou elijib, soumèt aplikasyon G&T a sou entènèt oswa an pèsòn nan yon Sant Akèy pou Fanmi avan **24 avril 2017.**

JEN

- [ ] Yo voye lèt pou ofri yon plas nan pwogram nan bay fanmi yo.
- [ ] Dat limit pou aksepte oswa refize òf yo se **16 jen 2017.**

BYENVENI

NAN ADMISYON NAN PWOGRAM POU TIMOUN DOUWE

Nou remèsye w dèske ou enterese nan pwogram pou Timoun Douwe nan Vil New York. Nan manyèl sa a, wap jwenn enfòmasyon sou lekòl ki gen kou G&T, enfòmasyon pou konnen kijan w ka enskri pitit ou pou l pran tès la, avèk pwochen etap pou suiv si pitit ou elijib. Entwodiksyon sa a pral gide w nan pwosesis Admisyon nan pwogram G&T yo; epitou resous adisyonèl sa yo pral ede w pandan tout peryòd Admisyon an nan pwogram G&T a.

Demann pou pran Tès la sou Entènèt

schools.nyc.gov/ApplyOnline

Enskri w pou pran tès la anvan 14 novanm 2016.

Sitwèb

schools.nyc.gov/GiftedandTalented

Tcheke sitwèb sa a pandan tout ane a pou jwenn plis enfòmasyon ak resous sou Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe.

Imèl

schools.nyc.gov/subscribe

Anrejistre w pou yo mete w sou lis imèl pou Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe pou w sa gen dènye enfòmasyon ak rapèl sou dat enpòtan yo.

Telefòn

718-935-2009

Rele nenpòt lè pou poze kesyon ou genyen konsènan Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe.

Sant Akèy pou Fanmi

schools.nyc.gov/WelcomeCenters

Resevwa èd sou admisyon ak enskripsyon nan men yon manm estaf Sant Akèy pou Fanmi. Adrès Sant Akèy pou Fanmi yo liste pa anndan kouvèti dèyè anyè sa a.

Biwo Evalyasyon

212-374-6646 | ServiceCenter@schools.nyc.gov

Kontakte Biwo Evalyasyon an si w gen kesyon sou tès la ak kesyon sou fason yo administre tès la.

1.0 KISA PWOGRAM POU TIMOUN DOUWE YE?

Pwogram pou Timoun Douwe se yon mwayen Depatman Edikasyon Vil New York (NYCDOE) sipòte bezwen elèv eksepsyonèl genyen onivo edikasyon akademik. Yo baze yo sou rezilta yon tès yo bay elèv yo pou deside si yap admèt yo nan pwogram sa yo. Pwogram G&T yo varye de yon lekòl a yon lòt dapre estrateji ak materyèl edikatif yo itilize, sepandan tout pwogram G&T yo transmèt ansèyman espesyalize, ki aliyen avèk Estanda Nòm Debaz Komen yo (Common Core Learning, CCLS).

1.1 Ki Pwogram G&T ki Disponib?

Gen de kalite pwogram pou Timoun Douwe:

- **Yo ofri pwogram G&T onivo distri a,** nan lekòl primè distri yo epi yo bay elèv ki rete nan kominote lokal ke lekòl la desèvi, priyorite pou admisyon. Pwogram G&T onivo distri a kòmanse depi nan Kindergarten epi yo fini nan klas senkyèm ane. Elèv ki nan pwogram pou G&T yo suiv kou ansanm avèk elèv ki nan lekòl sa yo e ki pa nan klas G&T. Elèv ki patisipe nan pwogram G&T onivo Distri a, suiv kou matyè prensipal yo ansanm, sepandan yo ka mete yo nan lòt klas avèk elèv ki pa nan pwogram nan, kòm paregzanp klas edikasyon fizik ak klas boza.

  Elèv ki fè nòt total 90 oswa pi gwo nòt pou G&T elijib pou yo aplike nan pwogram G&T onivo Distri a.

- **Lekòl G&T onivo tout Vil la** aksepte elèv ki soti nan tout borough yo san yo pa bay okenn priyorite ki baze sou distri ou abite. Tout elèv ki nan lekòl sa yo enskri nan pwogram G&T a; nanpwen okenn elèv ki abite nan sektè jewografik la ki ale nan lekòl sa yo.

  Pwogram sa yo se modèl pou tout lekòl yo ki enplemante metòd ansèyman ak pwogram akademik espesyalman pou elèv Douwe pou tout elèv ki nan lekòl la.

  Elèv ki fè nòt total 97 oswa pi gwo nòt pou G&T elijib pou yo aplike nan toulède, pwogram G&T onivo Distri a *ak* nan lekòl G&T onivo tout Vil la.

Konbyen elèv yo aksepte nan pwogram G&T yo? Gen anpil demann pou pwogram pou Timoun Douwe epi kantite aplikan ki elijib yo depase kantite plas ki disponib nan laplipa pwogram yo. Nou pa ka garanti admisyon yon timoun nan pwogram nan, kèlkeswa nòt total li genyen pou G&T. Pwogram G&T ki pi popilè e ki pi konpetitif yo plase timoun ki fè nòt total 99 pou G&T anvan *yo* plase tout elèv ki fè nòt 99, poutèt plas yo limite.

Enfòmasyon suivan an se yon apèsi sou Admisyon nan pwogram pou Timoun Douwe pou 2016.

Klas	Ki pran Tès la	Ki Elijib	Aplikan	Òf
Kindergarten	14,513	4,539	3,606	2,507
Premyè Ane	9,021	2,541	1,866	1,066
Dezyèm Ane	6,903	2,049	1,412	432
Twazyèm Ane	5,616	1,813	1,336	387
Total	**36,053**	**10,942**	**8,220**	**4,392**

Poukisa pou pitit mwen pran tès la? Byenke yo pa garanti plasman nan pwogram lan, menm si pitit ou gen yon nòt ki elijib, sa pap deranje si l ta pran tès la. Rezilta tès la konfidansyèl pou ou, epi li pap afekte plasman pitit ou nan lekòl, ni yo pap bay lekòl kote pitit ou ye kounyeya oswa kote l prale alavni, rezilta tès la. Sèl rezon ki fè yo itilize rezilta tès la, se pou konnen si timoun nan elijib pou l aplike pou yon plas nan pwogram G&T a.

E si pitit mwen pa resevwa yon nòt ki elijib? Tout elèv ki abite nan Vil New York gen garanti ke yap jwenn yon plas nan lekòl piblik nan Vil New York. Gen anpil chans ou gen yon lekòl ki afilye avèk yon sektè jewografik dapre adrès lakay ou kote pitit ou gen dwa ale. Gen twa distri nan Vil New York ki pa gen lekòl ki afilye avèk yon sektè jewografik. Distri sa yo rele Choice Districts (Distri Chwa) (Distri 1, 7, 23), epi elèv yo gen priyorite pou ale nan nenpòt lekòl ki nan distri sa yo.

KONSÈY

Si w pa konnen ki lekòl ki nan sektè jewografik ou (zoned school) oswa si w vle gen plis enfòmasyon sou enskripsyon nan lekòl piblik Depatman Edikasyon Vil New York (NYCDOE), tanpri ale nan **schools.nyc.gov/schoolsearch** oswa rele 311.

1.2 Kijan Admisyon an pwogram G&T a Fonksyone?

Suiv etap sa yo epi itilize resous ki nan manyèl sa a si w se yon fanmi nan Vil New York ki enterese jwenn yon plas nan pwogram G&T pou Kindergarten jiska twazyèm ane a pou septanm 2017.

1. **Soumèt yon Fòm Demann pou pran Tès (RFT):** Premye etap pou suiv pou jwenn yon plas nan yon pwogram G&T se enskri pou pran tès la anvan 14 novanm 2016 pou konnen si pitit ou elijib pou l aplike nan pwogram nan.

⇨ Fè demann lan sou entènèt oswa an pèsòn lè w ranpli fòm RFT ki nan manyèl sa a

2. **Pran tès la:** Si w mande pran tès la, pitit ou pral pran toulede tès yo, tès oral ak tès ki pa oral, an janvye 2017 pou konnen si li elijib pou l aplike pou yon plas nan pwogram G&T a.

⇨ Prepare pou tès la avèk tès pratik ki nan manyèl sa a

3. **Chèche konn rezilta tès la:** Lè yo fin administre ak korije egzamen yo, ou pral resevwa yon rapò ki gen nòt pitit ou fè yo.
4. **Si pitit ou elijib pou l aplike pou yon plas nan pwogram G&T a**, ou pral resevwa yon aplikasyon ki liste opsyon pitit ou genyen pou pwogram G&Ta, ansanm avèk rapò rezilta nòt pou G&T a, nan kòmansman avril 2017. Sou aplikasyon an, wap gen opòtinite pou chwazi pwogram G&T kote w vle yo konsidere plase pitit ou. Dat limit pou soumèt Aplikasyon pou Pwogram G&T se 24 avril 2017.
5. **Wap resevwa lèt ki gen desizyon an:** Fanmi yo pral resevwa lèt pou ofri yo yon plas nan mwa jen 2017 kap fè yo konnen si yo gen yon plas nan pwogram G&T a. Dat limit pou aksepte oswa refize òf yo se 16 jen 2017.

1.3 Kimoun ki ka patisipe nan Admisyon nan pwogram G&T?

Tout timoun ki abite nan Vil New York ki nan Pre-Kindergarten (Pre-K) jiska klas dezyèm ane, ikonpri elèv ki gen andikap ak elèv ki pa pale angle lakay yo oswa se pa angle ki lang manman yo, elijib pou patisipe nan Admisyon nan pwogram G&T. Depatman Edikasyon Vil New York (NYCDOE) pran angajman pou l ede tout elèv, ikonpri elèv ki gen andikap, elèv ki limite nan mouvman yo ka fè, ak Elèv kap Aprann Lang Anglèe (- ELL yo). Nou ankouraje chak gwoup elèv sa yo pou yo patisipe nan admisyon nan pwogram G&T, epi elèv sa yo ka gen siksè e yo ka ba yo sipò yo bezwen nan pwogram sa yo.

2.0 ENSKRI W POU PRAN TÈS POU PWOGRAM G&T A ANVAN 14 NOVANM 2016

Si w enterese pou fè pitit ou pran Tès pou pwogram G&T a nan lekòl piblik Vil New York, ou fèt pou w ranpli yon fòm Demann pou pran Tès (RFT) epi soumèt fòm lan anvan **lendi 14 novanm 2016** nan youn nan de fason suivan yo:

1. **Sou Entènèt:** Fòm RFT sou entènèt la disponib nan **schools.nyc.gov/ApplyOnline.** Wap jwenn li nan lang Arab, Bengali, Chinwa, Anglè, Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.

   Si w fè demann lan sou entènèt la pou pitit ou pran tès la, ou pral resevwa yon resi konfimasyon pa imèl. Tanpri, sere oswa enprime resi a pou mete nan dosye w. Si w pa gen konpitè lakay ou epi w vle ranpli fòm RFT a sou entènèt, ou ka ale nan youn nan Bibliyotèk Piblik ki gen nan Vil New York. Pou jwenn yon bibliyotèk nan zòn kote w rete a, rele 311.

2. **Aplike an pèsòn:** Si w pa ka soumèt fòm nan sou entènèt, ou fèt pou ranpli fòm RFT a ki nan manyèl sa a.

   a. Fanmi ki gen pitit nan lekòl piblik aktyèlman kap ranpli aplikasyon RFT sou papye a fèt pou soumèt fòm lan nan lekòl pitit yo.

   b. Fanmi ki gen pitit ki nan lekòl ki pa lekòl piblik ak nan charter school (lekòl endepandan) ka soumèt fòm lan nan yon Sant Akèy pou Fanmi. Tanpri, al gade nan lis Sant Akèy pou Fanmi ki sou andedan paj kouvèti dèyè manyèl sa a.

   Si w soumèt fòm RFT a an pèsòn, sonje mande lekòl la oswa Sant Akèy pou Fanmi an pou yo ba w yon resi.

   Remak: Si w soumèt yon fòm RFT pa lapòs, yo pap aksepte l.

Ou fèt pou soumèt yon fòm RFT pou chak timoun kap enskri pou pran tès G&T a. Si w ta renmen enskri plizyè frè ak sè pou pran tès G&T a, ou fèt pou soumèt yon fòm RFT form pou chak timoun.

Pa bliye kenbe resi w–si yo pa resevwa RFT w la, wap oblije bay prèv ke w te soumèt demann nan alè defason pou yo aksepte w nan pwosesis tès la.

Yap garanti elèv yo ap kapab pran tès yo sèlman si w soumèt fòm RFT a avan dat limit la ki se lendi 14 novanm 2016. Si w rate dat limit pou mande pou pran tès la epi malgresa ou toujou enterese fè pitit ou pran tès la, tanpri kontakte **ESEnrollment@schools.nyc.gov** epi nap fè tout sa nou kapab pou n akomode demann ou an. Nou revwa demann ki rive anreta yo endividyèlman–si w pa soumèt yon fòm RFT anvan dat limit 14 novanm 2016 la, nou pa ka bay okenn garanti ke pitit ou ap kapab pran tès la.

Elèv ki aktyèlman enskri nan yon pwogram G&T pa bezwen pran okenn tès pou rete nan pwogram G&T yo ladann aktyèlman an. Si pitit ou deja yon elèv nan pwogram G&T onivo Distri a, ou ka soumèt yon fòm RFT pou konnen si pitit ou elijib pou l aplike pou yon plasman nan pwogram G&T onivo tout Vil la. Si elèv la pa kalifye pou l jwenn yon plasman nan pwogram G&T onivo tout Vil la, nòt la pap gen okenn enpak sou estati elèv la nan pwogram aktyèl G&T onivo Distri a; elèv la ka rete nan pwogram sa a.

Nòt

- Elèv kap patisipe aktyèlman nan pwogram G&T onivo Distri a pa elijib pou aplike nan lòt pwogram G&T onivo Distri a.
- Elèv kap patisipe aktyèlman nan pwogram G&T onivo tout Vil la pa elijib pou pran tès pou plasman nan yon diferan pwogram pou G&T.

KANPE! Ranpli fòm Demann pou pran Tès la (RFT) sou entènèt nan **schools.nyc.gov/ApplyOnline** oubyen ranpli fòm RFT a nan paj suivan an.

Dat limit pou soumèt demann pou pitit ou pran tès pou G&T a se **14 novanm, 2016.**

Department of Education

Fòm Demann pou pran Tès pou Pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented (G&T)

Demann pou detèmine elijibilite pou aplike nan pwogram G&T pou ane akademik 2017-2018 la
Pou plasman nan klas kindergarten rive klas twazyèm ane

Se sèlman paran/responsab legal ki aktyèlman abite nan Vil New York ki ka soumèt yon fòm Demann pou pran Tès (RFT) pou wè si pitit yo elijib pou aplike pou plasman nan yon pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented (G&T). Ou dwe ranpli swa yon fòm sou entènèt wa fòm sou papye sa a. Tanpri, suiv enstriksyon nou make pi ba a sou kijan pou soumèt fòm lan.

Dat limit pou soumèt fòm RFT a se lendi 14 novanm 2016.

Enstriksyon sou kijan pou soumèt fòm lan

Soumèt fòm lan sou Entènèt: Nou ankouraje tout fanmi soumèt demann lan sou Entènèt nan: schools.nyc.gov/GiftedandTalented.

Soumèt fòm lan sou papye: Tanpri, revwa enstriksyon sou kijan pou soumèt fòm sou papye a ki nan paj ki annapre a epi revwa enfòmasyon sou dat limit la ki anwo a. Depatman Edikasyon (DOE) pap aksepte demann ou voye pa lapòs.

Elèv ki aktyèlman nan Lekòl Piblik nan klas Pre-Kindergarten jiska klas 2yèm ane (charter school pa ladan) fèt pou soumèt fòm sa a nan lekòl yo avan dat limit ki make anwo a.

Elèv ki aktyèlman nan Lekòl ki pa yon Lekòl Piblik ak Elèv ki nan Charter School (Lekòl Endepandan) fèt pou yo soumèt fòm sa a nan youn nan Sant Akèy pou Fanmi ki make nan do fòm sa a anvan dat limit la.

Si aktyèlman ou se yon elèv nan lekòl pre-kindergarten, nan lekòl ki pa yon lekòl piblik, oswa nan charter school (lekòl endepandan), epi tout dat yap administre tès nan wikenn yo pa bon pou ou, tanpri rele nan 212-374-6646 oswa voye yon imèl nan ServiceCenter@schools.nyc.gov

Enfòmasyon sou Elèv la *Tanpri, ekri klèman avèk plim ki gen lank ble oswa lank nwa sèlman.*

Prenon Elèv la	Non Elèv la	Inisyal Dezyèm Prenon Elèv la	Dat Nesans (mwa/jou/ane)

 # OSIS/# Idantifikasyon Elèv la (si li genyen)

Klas Elèv la ap fè Aktyèlman
❒ Li Pa Enskri Lekòl ❒ Klas Pre-Kindergarten ❒ Klas Kindergarten ❒ 1 ❒ 2

Nivo klas pou 2017-2018
❒ Klas Kindergarten ❒ 1 ❒ 2 ❒ 3

Fi/Gason (opsyonèl)
❒ Gason ❒ Fi

 # Kay **Non Ri** **# Apatman**

Borough
❒ Bronx ❒ Brooklyn
❒ Manhattan ❒ Queens ❒ Staten Island

Eta NY

Kòd Postal

Kondisyon Aktyèl pou Lekòl Nan kilès nan lekòl sa yo, timoun nan enskri aktyèlman? (Chwazi youn sèlman.)

❒ Lekòl Piblik Vil New York (se pa yon charter school)
❒ Charter School (Lekòl Endepandan) Vil New York
❒ Sant Edikasyon pou Timoun Piti nan Vil New York (NYCEEC) Pwogram pre-kindergarten
❒ Lekòl Prive/Pawasyal
❒ Li pa enskri nan okenn lekòl

Non Lekòl Elèv la ye Kounye a	Nimewo 6-Chif DBN oswa Kòd Lekòl la (si w konnen l)

Enfòmasyon sou Sèvis Tès la

Nan ki lang ou ta renmen yo bay pitit ou tès la? (Chwazi youn sèlman.)

❒ Anglè ❒ Arab ❒ Bengali ❒ Franse ❒ Kantonè ❒ Mandaren ❒ Kreyòl Ayisyen ❒ Koreyen ❒ Ris ❒ Panyòl ❒ Oudou

Èske pitit ou gen pwoblèm pou l wè ki oblije li itilize yon liv ki ekri an gwo lèt alfabèt pou evalyasyon an? ❒ Wi ❒ Non

Èske pitit ou bezwen lòt akomodasyon pou l pran tès la? ❒ Wi ❒ Non

Marasa oswa Lòt Frès/Sè ki fèt nan menm Ane

Èske timoun kap aplike a gen yon frè/sè ki fèt nan menm ane avèk li epi frè/sè sa a ap mande tou pou l pran tès pou pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented yo? Si repons la se wi, ou fèt pou soumèt yon fòm RFT pou chak timoun, epi make non chak frè/sè sa yo anba a.

Frè/Sè	Prenon Frè oswa Sè a	Non Frè oswa Sè a	Inisyal Dezyèm Prenon Frè oswa Sè a	Dat Nesans (mwa/jou/ane)
1				
2				

Enfòmasyon Paran/Responsab Legal la

Prenon Paran/Responsab Legal la	Non Paran/Responsab Legal la	Adrès Imèl

Nimewo Telefòn Prensipal	Lòt Nimewo Telefòn

Mwen ta renmen pou pitit mwen pran tès la pou konnen si li elijib pou l aplike pou yon pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented (G&T) pou ane akademik 2017-2018 la. Mwen te li *Manyèl sou Pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented la* e mwen konprann kritè pou dat limit, evalyasyon, elijibilite, plasman ak mwayen transpò yo konsènan pwosedi pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented la. Enfòmasyon mwen bay la kòrèk epi se verite. Mwen pral fè tout sa m kapab pou asire pitit mwen ale nan kote yap administre tès la.

Siyati Paran/Responsab Legal: _____ Dat: _____

Enstriksyon ki konsène Demann pou pran Tès pou Pwogram pou Timoun Douwe Gifted & Talented (G&T)

Tanpri, li enstriksyon ki make pi ba a, avèk anpil atansyon. Sèl jan pou elèv yo pran tès la se si yo te soumèt yon fòm Demann pou pran Tès (RFT) avan dat limit la: **Lendi 14 novanm 2016**. Asire w ke ou kenbe resi w la; si nou pa resevwa demann ou an, wap oblije bay prèv ke ou te soumèt demann nan alè defason pou yo aksepte w nan pwosesis tès la.

Enstriksyon pou Soumèt Fòm RFT a sou Entènèt

Lap pran w sèlman kèlke minit pou soumèt fòm RFT a sou Entènèt e wap jwenn li nan schools.nyc.gov/ApplyOnline. Tout fanmi kapab itilize pwosedi aplikasyon sou entènèt la. Fanmi ki aplike sou entènèt pral resevwa resevwa yon imèl kap avize yo ke nou resevwa demann yo. Fanmi ki pa gen konpitè lakay yo e ki ta renmen ranpli fòm RFT a sou entènèt, yo ka fè sa nan youn nan Bibliyotèk Piblik ki gen nan Vil New York yo. Pou jwenn yon bibliyotèk nan zòn kote w rete a, rele 311. Epitou kowòdinatè paran nan lekòl pitit ou ka ede w tou.

Enstriksyon pou Soumèt Fòm RFT a sou Papye

Elèv ki aktyèlman nan Lekòl Piblik nan klas Pre-Kindergarten jiska klas 2yèm ane (charter school pa ladan) fèt pou soumèt fòm sa a nan lekòl yo avan dat **lendi 14 novanm 2016.**

- Yap administre tès la pou Elèv Pre-Kindergarten ki Aktyèlman nan Lekòl Piblik, nan youn nan jou wikenn sa yo: 7, 8, 14, 15, 21, 22, 28 ak 29 janvye 2017. Biwo Evalyasyon an pral fè w konnen adrès ak dat egzak pou pran tès la. Si pou yon rezon kèlkonk li pap posib pou pitit ou Pran tès la nan yon dat ki tonbe nan wikenn, tanpri ranpli epi konplete fòm RFT a, epi kontakte 212-374-6646 oubyen ServiceCenter@schools.nyc.gov.
- Yap administre tès la bay Elèv Klas Kindergarten jiska klas 2yèm ane ki aktyèlman nan Lekòl Piblik (charter school pa ladan), nan lekòl kote yo ye kounye a, ant 4 janvye 2017 ak 20 janvye 2017. Lekòl ou pral fè w konnen dat egzak tès la.

Elèv ki aktyèlman nan Lekòl ki pa yon Lekòl Piblik ak Elèv ki nan Charter School (Lekòl Endepandan) fèt pou yo soumèt fòm sa a nan youn nan Sant Akèy pou Fanmi ki make pi ba a pa pita pase **Lendi 14 novanm 2016**. Elèv ki pa nan lekòl piblik ak elèv ki nan Charter school (lekòl endepandan) pral pran tès la nan *youn* nan jou wikenn sa yo: 7, 8, 14, 15, 21, 22, 28 ak 29 janvye 2017. Biwo Evalyasyon an pral fè w konnen adrès ak dat egzak pou tès la. Si pou yon rezon kèlkonk li pap posib pou pitit ou pran tès la nan dat ki tonbe nan wikenn, tanpri ranpli fòm sa a epi soumèt li, epi rele nan 212-374-6646 oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov**.

Sant Akèy pou Fanmi yo louvri de lendi a vandredi, depi 8:00 am rive 3:00 pm. Si w gen nenpòt kesyon, rele 718-935-2009.

Borough	Distri	Sant Akèy pou Fanmi
Bronx	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, 7th Floor Bronx, NY 10458
	8, 11, 12	1230 Zerega Avenue, Room 24 Bronx, NY 10462
Brooklyn	17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, 3rd Floor Brooklyn, NY 11230
	20, 21	415 89th Street, 5th Floor Brooklyn, NY 11209
	19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Room 116 Brooklyn, NY 11233
	13, 14, 15, 16	29 Fort Greene Place, Basement (BS12) Brooklyn, NY 11217
Manhattan	1, 2, 4	333 Seventh Avenue, 12th Floor, Room 1211 New York, NY 10001
	3, 5, 6	388 West 125th Street, 7th Floor, Room 713 New York, NY 10027
Queens	24, 30	28-11 Queens Plaza North, 3rd Floor Long Island City, NY 11101
	25, 26	30-48 Linden Place, 2nd Floor Flushing, NY 11354
	27, 28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, 1st Floor Jamaica, NY 11435
Staten Island	31	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301

3.0 PRAN YON DAT POU TÈS G&T A

Elèv ki nan lekòl piblik nan Vil New York ki aktyèlman nan klas kindergarten jiska klas 2yèm ane	4 a 20 janvye 2017
Elèv ki aktyèlman nan Pre-Kindergarten ak elèv ki nan lekòl ki pa lekòl piblik e ki abite aktyèlman nan Vil New York	7, 8, 14, 15, 21, 22, 28 ak 29 janvye 2017.

3.1 Elèv ki aktyèlman nan klas Kindergarten jiska klas 2yèm ane nan Lekòl Piblik

Fanmi elèv ki aktyèlman enskri nan klas Kindergarten jiska klas 2yèm ane nan Lekòl Piblik nan Vil New York pral resevwa yon avi ke lekòl pitit yo ap voye pou ba yo dat egzak tès la. Chak lekòl primè deside pwòp orè pou tès yo pami dat ki sou lis ki anwo a. Yo pral administre tès la nan lekòl la, nan lè nòmal lekòl la louvri. Lekòl yo pral avize fanmi yo omwen de (2) jou anvan yo administre tès la. Si disi 17 janvye 2016 yo pa fè w konnen kilè yap bay pitit ou tès la, kontakte lekòl pitit ou a.

3.2 Elèv ki nan lekòl Pre-Kindergarten, nan lekòl Charter, ak nan lekòl ki pa Lekòl Piblik

Yap administre tout tès pou elèv nan Pre-Kindergarten, nan charter school (lekòl endepandan), ak nan lekòl ki pa lekòl piblik, nan wikenn ak nan lekòl yo chwazi yo. Fanmi elèv ki nan Pre-Kindergarten, nan charter school (lekòl endepandan) ak nan lekòl ki pa lekòl piblik, ki soumèt yon fòm RFT form sou entènèt, pral seleksyone youn nan dat ki disponib yo ak adrès kote yap bay tès la. Nap ankouraje fanmi yo pou yo soumèt fòm RFT yo byen bonè defason pou yo jwenn lokal ak dat yo vle ale pran tès la.

Yo pa kontwole lè pou administrasyon Tès G&T a, donk elèv yo pran tan yo bezwen pran pou fè tès la. Kantite tan elèv yo pase nan sal egzamen an varye, sepandan fanmi yo ta dwe antisipe ke yap pase apeprè youn a de zèdtan nan lokal kote yap bay tès la.

Si pa gen okenn nan dat yo bay nan wikenn pou pran tès la ki bon pou ou, tanpri ranpli fòm RFT a, pou fè konnen ou pa disponib lewikenn, epi kontakte Biwo Evalyasyon an nan **212-374-6646** oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov**.

Ou pral resevwa yon lèt kap konfime yon randevou disi mi-desanm. Si w soumèt fòm RFT a sou entènèt, ou pral resevwa avi a pa imèl ak pa lapòs. Si w soumèt fòm RFT a an pèsòn, ou pral resevwa avi a pa pa lapòs sèlman. Lèt kap konfime randevou w la pral gen plis enfòmasyon sou pwosedi pou suiv jou tès la.

Remak: Lekòl ap fèmen jou lendi 16 janvye 2017 pou fèt Martin Luther King, Jr., sepandan yap administre tès la nan samdi 14 janvye ak nan dimanch 15 janvye pou elèv ki aktyèlman nan Pre-Kindergarten Depatman Edikasyon Vil New York (NYCDOE) ak elèv ki nan lekòl ki pa lekòl piblik ki abite nan Vil New York.

3.3 Fanmi ki gen plizyè Timoun

Se responsabilite fanmi ki gen plizyè timoun kap pran tès la pou asire yo ke randevou yo nan menm lokal ak nan menm dat. Si w pa ka jwenn randevou nan menm lokal la ak nan menm lè a, kontakte Biwo Evalyasyon an nan **212-374-6646** oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov**.

3.4 Fanmi kap Kite sistèm Lekòl Piblik la

Fanmi ki abite nan Vil New York kap kite sistèm lekòl piblik la apre yo fin soumèt fòm RFT a dwe kontakte Biwo Evalyasyon an nan **212-374-6646** oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov** pou yo ka fè aranjman pou pran tès la. Si pitit ou se yon elèv ki nan klas kindergarten jiska klas

2yèm ane nan Lekòl Piblik lè w soumèt fòm RFT a, epi li transfere nan yon lòt lekòl piblik anvan l pran tès la, kontakte nouvo lekòl pitit ou a pou ka gen plis enfòmasyon sou tès la.

3.5 Fanmi ki rete nan Lojman Tanporè

Gen kèk fanmi ki rete nan lojman tanporè oswa ki gen gwo pwoblèm finansye e ki bezwen yo fè konsiderasyon espesyal pou yo defason pou pitit yo ka pran tès la, tankou chanje dat yon tès. Si fanmi w nan sityasyon sa a, tanpri kontakte Biwo Evalyayson an nan **212-374-6646** oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov.**

3.6 Chanje Dat la poutèt Maladi

Pou Elèv ki aktyèlman nan klas Kindergarten jiska klas 2yèm ane nan Lekòl Piblik: Si pitit ou tonbe malad jou egzamen an, lekòl pitit ou pral ba ou yon lòt dat pou l pran egzamen an nan peryòd yo planifye pou administre tès la. Se lekòl la ki pral deside nouvo dat egzamen an, e li posib ke si yon elèv te absan jou egzamen an, yo ka ba l tès la jou lap retounen lekòl san yo pa ba li okenn lòt avi sou dat tès la. Yo pap teste elèv ki retounen lekòl apre peryòd yo bay pou pran tès la.

Pou Elèv ki nan Pre-Kindergarten, nan lekòl Charter (lekòl endepandan, ak nan lekòl ki pa Lekòl Piblik: Si pitit ou malad jou tès la, NYCDOE pral travay avèk ou pou pwograme yon lòd dat pou tès la nan yon lòt dat nan wikenn. Pa bliye ke pa gen anpil posibilite pou repran tès la nan yon lòt dat poutèt kantite elèv kap pran tès la.

Pou ka pran yon lòt randevou pou repran tès la akòz maladi, voye yon imèl bay kote w te sipoze pran tès la nan adrès imèl yo ba w nan lèt randevou a. Si w pa gen imèl, ou ka rele Biwo Evalyasyon an nan **212-374-6646** nan lendi apre dat pitit ou te sipoze pran egzamen an epi bay operatè a non kote pitit ou ta pral pran tès la ak enfòmasyon kontak ki make nan lèt randevou w la. Si gen disponibilite, kowòdinatè kote yap bay tès la pral kontakte w pou l fè aranjman pou l ba w yon nouvo dat egzamen.

4.0 PREPARASYON POU TÈS G&T A

NYCDOE itilize de evalyasyon pou konnen si yon timoun elijib pou l aplike pou yon pwogram G&T:

- Kesyon nan tès ki pa oral ki soti nan *Tès Naglieri ki Pa Oral pou Evalye Konpetans Jeneral (Naglieri Nonverbal Ability Test,* NNAT)
- Kesyon oral ki soti nan *Tès Lekòl Otis-Lennon pou Evalyasyon Konpetans Jeneral (Otis-Lennon School Ability Test,* OLSAT)

Lè nou teste timoun yo nan domèn oral ak nan domèn ki pa oral, sa pèmèt nou gen yon ide balanse sou kapasite entelektyèl chak timoun. Se Leta New York ki administre egzamen yo ak pwofesè Vil New York ki resevwa fòmasyon pou administre toulede egzamen yo. Premye egzamen yo administre se egzamen ki pa oral la, apresa se egzamen oral la.

Nan manyèl sa a, wap jwenn kesyon pou pratike. Fanmi yo dwe revwa kesyon yo bay yo pou yo ka konnen ki kalite kesyon pitit yo ka wè nan tès la, epitou se yon bon fason pou yo prepare timoun yo pou yo pran tès la. Yo prezante tout atik yo nan yon fòma chwa miltip.

4.1 Evalyasyon ki Pa Oral la (NNAT)

Evalyasyon G&T ki pa oral la evalye kapasite pou rezònman san yo pa itilize langaj pale. Travay timoun yo fè se konplete modèl, konplete sekans, ak
konekte ide yo defason pou montre ke yo konprann konsèp relasyon an e ke yo gen kapasite pou rezoud pwoblèm.

Gen kat tip kesyon nan tès ki pa oral la: Konplete Modèl, Rezònman Analojik, Rezònman Peryodik ak Vizyalizasyon Espasyal.

Tip kesyon ki Pa Oral	Definisyon
Konplete Modèl	Li mezire kapasite elèv la pou l pèsevwa konsepsyon modèl yo ak idantifye pòsyon ki manke yo kòrèkteman
Rezònman Analojik	Li mezire kapasite elèv la pou l rekonèt relasyon ki genyen ant fòm jewometrik yo
Rezònman Peryodik	Li mezire kapasite elèv la pou l rekonèt sekans ki genyen ant fòm yo
Vizyalizasyon Espasyal	Li mezire kapasite elèv la pou l rekonèt akisa de (2) oswa plizyè objè konbine ta sanble

4.2 Evalyasyon Oral la (OLSAT)

Evalyasyon G&T oral la mezire kapasite rezònman ak konpreyansyon ki mande pou timoun yo konsantre ak koute atantivman enstriksyon oral yo. Nan evalyasyoon an yo bay fè travay tankou detekte pwobablite ak diferans, sonje mo ak chif, defini mo, suiv enstriskyon, etabli sekans, ak rezoud pwoblèm aritmetik.

Gen de tip gwoup kontni oral: Konpreyansyon Oral ak Rezònman Oral

Gwoup Kontni Oral	Definisyon
Konpreyansyon Oral	Li mezire kapasite elèv la pou l manipile oswa reponn enfòmasyon atravè lang li koute; kòm paregzanp suiv enstriksyon
Rezònman Oral	Li mezire kapasite elèv la pou l dekouvri motif oswa relasyon ki egziste ak rezoud pwoblèm atravè lang li pale tankou rezònman oral ak rezònman aritmetik.

4.3 Akomodasyon pou pran Tès la

Elèv ki gen Pwogram Edikasyon Endividyèl IEP), Pwogram Sèvis Edikasyon Endividyèl (IESP yo), oswa Plan Akomodasyon 504 ka elijib pou resevwa sèten akomodasyon pou Tès G&T. Fanmi yo fèt pou avize si gen nesesite pou akomodasyon sou fòm RFT a. Si yon elèv gen IEP, IESP oswa 504 Plan ki bezwen lòt akomodasyon ki pa make sou IEP, IESP ni sou Plan 504, fanmi yo fèt pou kontakte Biwo Evalyasyon an nan **212-374-6646** oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov.** Fanmi yo dwe kontakte ekip IEP oswa ekip 504 elèv yo si yo gen kesyon oswa enkyetid sou akomadasyon pou pran tès la ki sou lis IEP, IESP oswa Plan 504.

Demann ki pi komen pou akomadasyon pou pran tès la se:

- Materyèl egzamen an gwo lèt alfabèt pou elèv ki gen pwoblèm pou wè;
- Inite Modilasyon Frekans (FM) pou elèv ki gen difikilte pou tande;
- Transkriptè pou elèv ki gen pwoblèm mouvman grav oswa modere (note ke se moun ki administre tès la ki mete repons yo pou tout elèv Pre-Kindergarten amwenske fanmi yo mande fè yon lòt bagay);
- Lokal separe ak/oswa admnistrasyon egzamen ak yon rapò 1:1 a(note ke nou teste tout elèv Pre-Kindergarten 1:1); ak,
- Fòm egzamen nan lòt lang pou elèv ki elijib.

Yo te kreye règleman sou akomodasyon pou pran Tès G&T a. Règleman sa yo sou menm liy avèk konsèy e règleman Leta New York etabli. Gen sèten akomodasyon pou tès ke yo pa bay nan Tès G&T a oswa poutèt yo pa nesesè oswa poutèt yo chanje sa egzamen an mezire. Akomodasyon pou pran tès yo **pa** bay se:

- *Tan pwolonje*. Toulede tès yo pa gen limit tan, kidonk nanpwen nesesite pou mande pwolonje tan yo bay pou fè tès la. Tout timoun pran tan yo bezwen pou yo travay, pouvike yo travay kòmsadwa pou yo fini egzamen an.
- *Kesyon ki nan tès la oswa enstriksyon yo revele plis bagay pase kantite tan yo abitye bay pou fè tès la*. Akomodasyon sa a entèfere avèk tès sou kapasite timoun nan pou l konprann langaj la, e se sa tès oral la (OLSAT) mezire. Tout timoun ki pran tès OLSAT a tande chak kesyon yon sèl fwa. Akomodasyon sa a pa nesesè pou NNAT paske egzamen an se yon egzamen ki pa oral.
- *Esplikasyon pou kesyon ak enstriksyon yo.* Yo pa bay akomodasyon sa a paske moun ki administre tès la pa gen pèmisyon pou yo chanje okenn pati nan kesyon oswa enstriksyon egzamen ki ekri a, puiske objektif egzamen an se teste kapasite rezònman ak refleksyon timoun yo. Pwosedi administratif sa a nan egzamen an rete konsistan pou tout elèv.

Fanmi elèv ki nan Pre-Kindergarten ki fè konnen yo bezwen akomodasyon pou pran tès la, sepandan pitit yo pa gen yon IEP ni yon Plan 504, Biwo Evalyasyon an pral kontakte yo pou yo ka bay deskripsyon sou akomodasyon elèv la bezwen ansanm ak dokiman ki pwouve elèv la bezwen akomodasyon an vre. Pami dokiman yo, fòk gen yon nòt pwofesyonèl swen sante a bay.

4.4 Tès nan lòt lang ki pa Lang Anglè

Elèv ki nan klas kindergarten jiska 2yèm ane nan Lekòl Piblik yo kapab pran tès yo nan lòt lang depi yo idantifye elèv sa yo antanke Elèv kap Aprann Lang Anglè (ELL). Tout elèv ki nan Pre-Kindergarten, nan charter school ak elèv ki nan lekòl ki pa lekòl piblik, elijib pou yo pran tès yo nan lòt lang. Tès G&T yo disponib nan lang Arab, Bengali, Chinwa (Kantonè ak Madaren), Franse, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, ak Oudou.

Fanmi ki mande pou pitit yo pran tès la nan lòt lang fèt pou byen konnen nan ki lang pitit yo pi alèz e nan ki lang pitit yo ka montre sa yo ka fè nan yon kad eskolè. Yon fwa yo kòmanse avèk fòm pwosedi administratif tès la nan yon lòt lang, moun ki administre tès la pral itilize lang sa a sèlman pou l administre tès la, e yo pa otorize okenn demann pou reprann tès la nan lang Anglè.

Fanmi ki mande pou pitit yo pran tès la nan lòt lang fèt pou make lang yo vle a sou fòm Demann pou pran Tès (RFT) a. Si w fin voye fòm RFT a epi apre ou bezwen mande chanje lang la, fanmi elèv ki nan lekòl piblik yo fèt pou kontakte lekòl pitit yo, ak fanmi elèv ki nan klas Pre-Kindergarten ak elèv ki pa nan lekòl piblik fèt pou yo kontakte Biwo Evalyasyon an nan **212-374-6646** oubyen **ServiceCenter@schools.nyc.gov**.

4.5 Preparasyon pou pran Tès la

Gen plizyè bagay fanmi yo ka fè pou ede pitit yo prepare pou Tès G&T a.

- Timoun yo fèt pou dòmi byen ak manje byen anvan yo pran egzamen an. Epitou fanmi yo ka pale ak pitit yo pou diminye tansyon tès la ka mete nan tèt timoun nan. Fanmi yo dwe ankouraje timoun yo fè sa yo kapab epi fè yo sonje yo pa oblije konnen repons pou tout kesyon yo.
- Anvan jou yap administre egzamen an, fanmi timoun yo fè pou revwa sa ki nan egzamen pratik la. Fanmi yo dwe li ak revwa enfòmasyon yo resevwa konsènan egzamen ak administrasyon egzamen an. Egzamen pratik ki nan manyèl sa a se pou timoun yo ka abitye avèk tès la, pou yo ka konn ki tip kesyon ki nan egzamen an ak fason egzamen an fèt.

- Epitou fanmi yo ka prepare pitit yo pou yo pran egzamen an nan echanj yo fè ak pitit yo toulejou. Itilize diferan mo vokabilè pou dekri pozisyon eleman ki nan lespas, chèche motif, diskite konsèp kantitatif tankou plis ou mwens, ak imajine a kisa yon objè ta sanble si yo te mete l tèt anba oswa sou kote; se egzèsis sa yo ki ka ede timoun yo prepare pou jan de rezònman yap gen pou fè jou egzamen an.

Epitou fanmi yo fèt pou note bagay suivan yo:

- Pandan egzamen an, timoun yo ap tande chak kesyon nan tès oral la yon sèl fwa.
- Nou pa patann pou timoun ki fèt an 2012 yo nwasi ti boul repons yo poukont yo; timoun yo pral pwente repons yo epi moun kap administre egzamen an pral mete repons yo nan livrè tès la. Timoun yo gen pèmisyon pou yo ekri nan livrè tès yo.
- Nap bay tout materyèl pou pran tès la—fanmi yo dwe pote kreyon oswa nenpòt bagay yo bezwen pou pran tès la kote nan lokal kote yap pran tès la.

Si, selon opinyon moun kap administre tès, direktè lekòl la, sipèvizè lokal la, oswa Biwo Evalyasyon an, yo wè yon elèv te konn kisa ki gen nan tès la oswa li kopye sou yon lòt elèv, direktè lekòl la oswa sipèvizè lokal la fèt pou l aplike pwosedi Depatman Edikasyon Vil New York (NYCDOE) etabli pou elèv kap pran poul epi l dwe anile egzamen elèv la. Yo pap korije egzamen ki anile. Nan ka sa yo, Biwo Evalyasyon an pral kontakte fanmi yo pou ba yo plis enfòmasyon.

4.6 Pwosedi Kontestasyon pou Administrasyon Tès la

Si w ta renmen rapòte yon pwoblèm avèk administrasyon egzamen yo, ou dwe fè sa alekri nan 48 èdtan apre yo fin bay egzamen an. Si w gen yon bagay ki enkyete w, voye yon imèl bay Biwo Evalyasyon an pou rapòte pwoblèm lan nan **ServiceCenter@schools.nyc.gov** oswa voye yon lèt bay:

Office of Assessment
G&T Test Administration
44-36 Vernon Boulevard
Room 202
Long Island City, NY 11101

Si w gen enkyetid konsènan fason yo bay tès la, ou ka itilize pwosede kontestasyon an, epi dèke yo fin voye rezilta yo, yo pap konsidere okenn kontestasyon. Koreksyon tès yo fèt atravè yon pwosedi asirans kalite konplè ki fè anvan yo pibliye nòt yo, gen twa òganizasyon endepandan ki konfime ke rezilta yo kòrèk. Si w gen lòt kesyon konsènan tès yo, kontakte Biwo Evalyasyon an nan **ServiceCenter@schools.nyc.gov** oubyen **212-374-6646**.

4.7 Kredibilite ak Validite Evalyasyon an

Toulede tès yo, OLSAT ak NNAT, se tès ki kredib e ki valab e yo demontre kapasite elèv la. Kredibilite vle di ke rezilta egzamen yo kòrèk epi validite vle di jiska ki pwen egzamen an mezire konesans ak kapasite li sipoze mezire a.

Yo te analize chak kesyon ki nan tès oral ak tès ki pa oral la. Yo te analize yo sou plan estatistik epi yo te evalye yo pou wè si yo te difisil, kredib, valid, kòrèk ak efikas pou chak gwoup laj. Te gen pwofesè, espesyalis nan mezi ak sikològ ki te revwa tout eleman yo pou asire ke egzamen se yon egzamen an byen fèt, san patipri kont okenn ti gwoup, ikonpri sou gwoup ki baze sou fi oswa gason ak sou gwoup ki baze sou etni/koulè po. Epitou yo te revwa eleman yo pou konnen si sa ki ladann nan klè, si li apwopriye, si repons yo egzak, si chwa repons yo kredib, epi si vokabilè a apwopriye.

4.8 Koreksyon Evalyasyon an

Yap itilize menm pwosedi yo te itilize nan ane 2016 pou korije Tès G&T a nan ane 2017 la. Se selon rezilta tès pèfòmans elèv yo nan toulede evalyasyon G&T yo (tès oral ak tès ki pa oral)

ke nap konnen si yo elijib. Chak elèv pral resevwa yon nòt total nan tès pou Timoun Douwe ki konbine rezilta nòt de evalyasyon yo atravè yon pwosedi ki gen plizyè etap:

- Kalkile rezilta brit pou chak evalyasyon
- Kalkile klasmann pousataj la pou chak tès, dapre laj la e dapre nòm nasyonal yo
- Konvèti klasman pousataj yo pou chak tès pou mete yo sou menm nivo; nap itilize ekivalan ajisteman nòmal la (NCE)
- Kalkile mwayèn NCE epi konvèti konbinezon an nan yon rezilta jeneral pou tès G&T

Yon *rezilta brit* se kantite total kesyon timoun yo reponn kòrèkteman nan chak tès. Pi gwo rezilta posib ki gen nan egzamen oral la se 30 (sou 30 kesyon). Pi gwo rezilta posib ki gen nan egzamen ki pa oral la se 48 (sou 48 kesyon).

Klasman santil yo se nonm ki ant 1 e 99 ki montre ki nòt yon elèv fè nan chak egzamen, an konparezon avèk elèv parèy li ki gen menm laj. Nou kalikile klasman santil pou chak egzamen dapre rezilta brit elèv la e dapre laj yo te genyen lè yo te pran tès la. Rezilta yo montre klasman santil pou egzamen oral ak klasman santil egzamen ki pa oral.

Rezilta jeneral G&T a se yon konbinezon rezilta toulede tès yo atravè pwosedi konvèsyon ki reflete la a. Rezilta final la ant 1 ak 99 epi yo itilize l pou konnen si timoun nan elijib.

W ap jwenn plis enfòmasyon detaye sou pwosesis koreksyon an sou sitwèb NYCDOE G&T a (**schools.nyc.gov/GiftedandTalented**).

5.0 KISA KAP FÈT APRE TÈS G&T A?

Lè pitit ou fin pran tès la, ou pral resevwa rapò rezilta li. Si pitit ou elijib dapre rezilta li, wap kapab aplike pou plasman nan pwogram G&T yo.

5.1 Lè w resevwa Rezilta w yo

Yon fwa yo fin bay ak korijeTès G&T a, yo pral voye rapò rezilta pitit yo pa imèl ak/oswa pa lapòs. Fanmi ki soumèt fòm RFT sou papye an pèsòn pral resevwa rapò rezilta pitit yo pa lapòs sèlman. Li trèzenpòtan pou fanmi yo bay adrès konplè kote yo rete aktyèlman ak bay enfòmasyon pou kontakte yo, pou yo pa resevwa rapò rezilta yo anreta.

Tout elèv ki pran Tès G&T a pral resevwa yon rapò sou rezilta yo. Se sèlman elèv ki fè nòt total G&T 90 oswa pi wo, yap resevwa yon aplikasyon pou plasman tou.

Si lè w fin soumèt fòm RFT a adrès ou chanje, tanpri bay nouvo adrès ou genyen an leplito ke posib.

- Si pitit ou enskri aktyèlman nan yon lekòl piblik nan Vil New York, pa bliye bay lekòl pitit ou nouvo adrès ou.
- Si pitit ou pa enskri nan yon lekòl piblik nan Vil New York aktyèlman epi w soumèt yon fòm RFT sou entènèt, ou ka chanje enfòmasyon an sou entènèt jiska dat limit RFT a ki se 14 novanm 2016. Si dat limit pase, tanpri rele 718-935-2009 pou mete enfòmasyon an ajou.

Si w gen kesyon pou konnen kijan pou entèprete rezilta pitit ou, kontakte Biwo Evalyasyon an nan **ServiceCenter@schools.nyc.gov** oubyen **212-374-6646**.

5.2 Chèche konnen si w Elijib

Timoun ki elijib pou pwogram G&T onivo Distri a: Pitit ou fèt pou l gen yon rezilta nan tès pou Timoun Douwe (G&T score) 90 oswa pi wo EPI pitit ou fèt pou l abite nan Vil New York nan moman li soumèt fòm RFT a, lè li soumèt aplikasyon an, ak lè yo ofri yo pwogram pou Timoun Douwe a.

Elijibilite pou Pwogram G&T onivo tout Vil la: Pitit ou a fèt pou l gen yon rezilta jeneral G&T 97 oswa plis EPI pitit ou fèt pou fèt pou l abite nan Vil New York nan moman li soumèt fòm RFT a, lè li soumèt aplikasyon an, ak lè yo ofri l patisipe nan pwogram Timoun Douwe a.

Fanmi elèv ki elijib ki pa resevwa oswa ki pa aksepte yon òf nan pwogram pou Timoun Douwe fèt pou repran tès la pou konnen si yo elijib, chak ane yo enterese chèche plasman nan pwogram pou Timou Douwe.

5.3 Soumèt Aplikasyon pou Pwogram G&T a anvan 24 avril 2017

Si pitit ou elijib pou l aplike pou plasman nan pwogram G&T a, ou pral resevwa yon aplikasyon avèk yon lis kote w ka chwazi pwogram G&T a ansanm ak rapò rezilta w nan kòmansman avril 2017.

Tou aplikan dwe klase pwogram ki enterese nan lòd preferans. Yo itilize lòd selon sa ou klase opsyon ou chwazi sou aplikasyon an sèlman si pitit ou resevwa yon òf pou plis ke yon pwogram. Nan ka sa a, sèl sa pitit ou ap resevwa se yon òf nan pwogram ou klase pi wo a nan aplikasyon an.

Etan wap deside ki lekòl pou mete sou aplikasyon an, ou fèt pou konsidere ki kote pwogram G&T yo ye parapò a kay ou puiske yo pa garanti mwayen transpò ale retou nan pwogram G&T a. Fanmi yo dwe vizite chak lekòl ki gen chwa pwogram G&T yo ye pouyo ka wè kijan kominote lekòl la ye e pou yo planifye kijan yo prale.

Nan manyèl sa a, wap jwenn yon lis pwograrm G&T pou ane akademik 2016-2017 la. Depatman Edikasyon Vil New York (NYCDOE) ka louvri oswa chanje pwogram soti nan yon ane pou ale nan yon lòt. Yo bay elèv ki elijib yo aplikasyon an ak lis final ki gen chwa pwogram pou ane akademik 2017-2108.

5.4 Aplikan ki gen frè ak sè

Aplikan ki gen frè ak sè ki enskri aktyèlman nan yon lekòl kote yap aplike fèt pou bay enfòmasyon sou frè ak sè yo an lè yo soumèt Aplikasyon G&T a nan seksyon « Frè/Sè (Siblings). » Si pou aplikan an resevwa priyorite antanke frè/sè, frè/sè a fèt pou l te enskri davans oswa enskri nan lekòl la lè l soumèt aplikasyon an *ak* lè li antre nan nan klas kindergarten-5yèm ane nan mwa septanm 2017.

Si priyorite prensipal ou se plasman pou pitit ou nan pwogram G&T a nan lekòl frè/sè l, nou ankouraje w pou mete sou lis la lekòl frè/sè w kòm premye chwa.

Fanmi ki gen frè/sè ki aplike an menm tan fèt pou soumèt yon aplikasyon apa pou chak timoun. Yon fanmi ki gen marasa epi toulede ap aplike pou plasman G&T fèt pou soumèt yon aplikasyon endividyèl pou chak timoun epi yo trete chak frè/sè antanke aplikan endividyèl. Yo plase marasa ak lòt timoun miltip ansanm si chak timoun elijib pou pwogram nan. Marasa ki fè pi gwo nòt nan tès la, se li yap konsidere pou plasman an atravè pwosedi yo dekri nan seksyon 6. Depi marasa ki fè nòt ki pi piti nan tès la elijib pou plasman nan menm pwogram nan (li resevwa yon nòt total 97 nan tès G&T pou pwogram Onivo vil la ak 90 oswa pi gwo nòt pou pwogram Distri a), yap ofri marasa yo plasman ansanm.

Si yo ofri pitit ou plasman nan diferan pwogram G&T, ou ka mande pou yo enskri nan menm lekòl si w soumèt Demann Eksepsyon pou Plasman (PER) nan Sant Akèy Fanmi bò lakay ou. Nan pwosedi revizyon an, yo konsidere enfòmasyon sou rezilta tès la pou Demann Ekspesyon pou Plasman (PER), e nan sèten ka, yon òf pou klas edikasyon jeneral pou youn nan frè/sè yo ka sèl opsyon ki genyen.

Si yon elèv pa resevwa yon òf pou frè/sè li nan pwogram G&T a, ou ka soumèt yon Demann Eksepsyon pou Plasman pou patisipe nan pwogram edikasyon jeneral ke yo ofri nan menm lekòl la.

6.0 RESEVWA YON ÒF G&T

Yo voye lèt pou ofri yon plas nan pwogram nan pou fanmi yo nan kòmansman jen 2017. Elèv yo ap resevwa òf pou pwogram G&T ki gen plas disponib sèlman.

- Yap fè òf la kit elèv la se yon elèv ki gen yon andikap, kit li se yon Elèv kap Aprann Lang Anglè.
- Nanpwen garanti ke yon elèv ap resevwa yon òf nan yon pwogram G&T kèlkeswa rezilta li gen nan Tès G&T.

Ou fèt pou konenn ke anjeneral kantite elèv ki elijib la depase kantite plas ki disponib.

6.1 Pwogram onivo tout Vil la

Pwogram G&T onivo tout Vil la aksepte elèv ki soti nan borough yo san yo pa bay okenn preferans dapre distri yo abite. Pwogram sa yo se modèl pou tout lekòl yo ki enplemante metòd ansèyman ak pwogram akademik espesyalman pou elèv Douwe pou tout elèv ki nan lekòl la.

1 Frè/Sè
- Nòt Total G&T 99
- Nòt Total G&T 98
- Nòt Total G&T 97

2 Elèv ki pa Frè/Sè
- Nòt Total G&T 99
- Nòt Total G&T 98
- Nòt Total G&T 97

Frè/Sè ki fè nòt total 97 oswa pi gwo nòt nan tès pou Timoun Douwe, yap mete yo an premye dapre rezilta jeneral yo fè nan tès pou Timoun Douwe. Lè yo fin plase tou frè/sè yo, yo plase aplikan ki pa gen frè/sè dapre rezilta jeneral yo nan tès pou Timoun Douwe. Tablo ki anba a bay yon apèsi sou kijan yo plase elèv yo nan pwogram G&T nan tout vil la.

Sizoka gen plizyè èv ki gen menm priyorite ak menm rezilta nan tès la, yo fò òf pa aza.

6.2 Pwogram distri a

Pwogram G&T Distri nan lekòl kominotè lokal yo mete pwogram akademik, egzèsis enstriksyon, ak sipò devlopman ke yo prepare espesyalman pou elèv ki Douwe & ki gen Talan nan klas endividyèl yo.

Frè/Sè ki fè nòt total 90 oswa pi gwo nòt nan tès pou Timoun Douwe, yoap mete yo an premye dapre rezilta yo fè nan tès pou Timoun Douwe. Lè yo fin plase tout frè/sè yo, yo plase aplikan ki pa gen frè/sè dapre rezilta jeneral yo nan tès pou Timoun Douwe. Fanmi yo ka aplike pou nenpòt pwogram nan nenpòt distri nan vil la, sepandan aplikan ki gen priyorite distri a pou yon pwogram presi pral resevwa priyorite. Tanpri gade tablo ki anba a pou ka wè kijan yo plase elèv yo nan pwogram Distri a pou Timoun Douwe.

Sizoka gen plizyè èlèv ki gen menm priyorite ak menm rezilta nan tès la, yo bay òf la pa aza.

1 **Frè/Sè ki gen Priyorite Distri**
- Nòt Total G&T 99
- Nòt Total G&T 98
- ↓
- Nòt Total G&T 90

2 **Frè/Sè ki pa gen Priyorite Distri**
- Nòt Total G&T 99
- Nòt Total G&T 98
- ↓
- Nòt Total G&T 90

3 **Elèv ki pa Frè/Sè ki gen Priyorite Distri**
- Nòt Total G&T 99
- Nòt Total G&T 98
- ↓
- Nòt Total G&T 90

4 **Elèv ki pa Frè/Sè ki pa gen Priyorite Distri**
- Nòt Total G&T 99
- Nòt Total G&T 98
- ↓
- Nòt Total G&T 90

Chak patisipan ki elijib gen priyorite nan youn oswa plizyè pwogram Distri yo selon distri ki nan sektè jewografik kote patisipan yo ale nan lekòl primè. Anjeneral, fanmi yo gen priyorite nan pwogram Distri yo pouvike distri a nan sektè jewografik yo. Sepandan, nan sèten ka, kòm paregzanp lè yon distri pa ofri yon pwogram pou Timoun Dwe, Depatman Edikasyon Vil New York pral ofri aplikan yo priyorite nan youn oswa nan plizyè opsyon pwogram nan distri ki ozalantou yo.

Timoun ki nan sektè jewografik oswa ki aktyèlman nan yon lekòl ki gen yon pwogram pou Timoun Douwe pagen okenn priyorite anplis nan lekòl sa a sou tèt lòt elèv ki nan distir a.

6.3 Plasman nan Nivo klas

Se dapre dat nesans elèv ki fèt nan ane 2011 ak 2012, ke yo konnen nan ki klas yap mete yo. Elèv ki fè an 2012 elijib pou plasman nan klas Kindergarten sèlman. Elèv ki fè an 2011 elijib pou plasman nan klas premye ane sèlman.

Elèv ki aplike pou plasman nan klas dezyèm ak twazyèm ane, yo plase yo selon nivo klas yo ye aktyèlman an, kèlkeswa dat nesans yo.

6,4 Òf pou mete elèv la sou lis datant

Nan sèten ka, pwogram Timoun Douwe yo ka gen plas ki vin disponib apre yo fin voye òf yo pou fanmi yo an jen. Yo pral ajoute elèv ki pa resevwa yon plasman sou lis datant pou tout pwogram yo te mete an premye sou lis ki nan aplikasyon yo te ranpli a, olyede pou yo ale nan pwogram ki voye yon òf pou yo (oswa pou tout pwogram yo te aplike yo si yo pat jwenn okenn òf). Yo fè òf ki soti sou lis datant la dapre menm priyorite admisyon ke yo te fè nan premye òf yo (priyorite pou frè/sè, rezilta jeneral nan tès pou Timoun Douwe, ak sektè jewografik distri a). Lekòl yo kontakte fanmi ki sou lisdatant yo dirèkteman si yo kapab ofri yo yon plas; fanmi yo pa gen okenn lòt aksyon pou yo fè nan pwen sa a, nan pwosedi plasman an.

6.5 Sèvis Transpò

Plasman nan pwogram pou Timoun Douwe pa garanti sèvis transpò nan bis lekòl. Elèv ki elijib pou transpò espesyalize, yap resevwa sèvis transpò espesyalize pou yo ale kote yap fè pwogram pou Timoun Douwe. Elèv ki pa elijib pou sèvis transpò espesyalize, sèvis transpò pou

ale nan pwogram pou Timoun Douwe fonksyone menm jan ak sèvis transpò nan pwogram ediaksyon jeneral. Si pwogram pitit ou a nan yon lòt distri ki pa menm avèk distri kote w rete a, sèvis transpò nan otobis lekòl la pap Disponib, sepandan Deaptman Edikasyon Vil New York (NYCDOE) pral bay pitit ou yon kat MetroCard. Si pwogram pitit ou a nan distri kote w rete a, Depatman Edikasyon Vil New York pral itilize tablo ki anba a pou l konnen si pitit ou ap resevwa sèvis transpò gratis.

Klas	Distans pou Mache ant Lakay Timoun nan ak Lekòl la		
	Mwens pase ½ mil	½ a 1 mil	1 mil oswa plis
K-2	Pas pou otobis MTA a mwatye pri	Swa Otobis Jòn oswa MetroCard	Swa Otobis Jòn oswa MetroCard
3-4	Yo pa bay sèvis transpò	Pas pou otobis MTA a mwatye pri	

Si distans pitit ou mache pou l ale lekòl se 1 mil oswa plis, pitit ou ap kapab pran otobis lekòl jòn si:

1. Lekòl la te aplike nan Biwo Sèvis Transpò Elèv pou sèvis otobis jòn
2. Elèv la rete nan menm distri ak lekòl la
3. Depatman Ediaksyon Vil New York ka kontakte elèv la ak omwen 10 lòt elèv sou trajè bis la ki pa depase distans 5 mil si yo mezire distans la dapre ri kote otobis la pase e dapre estasyon bis ki gen sou trajè a.

Elèv ki kalifye epi ki pa satisfè kritè sa yo ap resevwa yon kat MetroCard. Sa vle yon elèv ki elijib ap resevwa yon kat MetroCard si yo ale lekòl nan yon lòt distri oswa si yo rete a yon distans de lekòl la ki pa pèmèt Depatman Edikasyon Vil New York kreye yon trajè otobis pou 11 moun/ distans 5 mil. Fanmi ki nan pi gwo distri lekòl yo, tankou Distri 31 (Staten Island) oswa ki nan Queens fèt pou yo fè atansyon puiske byensouvan yo pa ka ale chèche elèv ki nan zòn sa yo nan yon trajè ki pa depase 5 mil.

Gen yon esepsyon nan transpò-elèv ki nan pwogram pou Timoun Douwe Onivo Tout Vil la pa oblije rete nan menm distri ak lekòl la pou yo ka elijib pou sèvis transpò sepandan yo fèt pou yo rete nan menm borough a. Tout lòt règ pou vin elijib aplike. Pou jwenn enfòmasyon sou kote otobis kanpe pou lekòl espesifik, tanpri kontakte lekòl la dirèkteman.

Pou ka gen plis enfòmasyon sou kijan w ka elijib pou transpò, tanpri ale nan sit entènèt: **www.optnyc.org/parents/information.htm.**

LEKÒL KI GEN KLAS G&T NAN ANE 2016-2017

Pi ba a wap jwenn lis lekòl ki gen pwogram G&T pou ane akademik 2016-2017. Tanpri, ou fèt pou konnen ke se pa poutèt yon lekòl gen pwogram G&T nan ane akademik 2016-2017 ke lekòl sa a ap gen pwogram G&T nan ane akademik 2017-2018 la, epi gen sèten distri ki ka ofri nouvo pwogram G&T. Nan Aplikasyon G&T a wap jwenn yon lis konplè ki gen pwogram ki disponib pou pitit ou.

ONIVO TOUT VIL LA

Borough	Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
Manhattan	01	01M539	New Explorations into Science, Technology and Math High School	K-3
Manhattan	03	03M334	The Anderson School	K-3
Manhattan	04	04M012	TAG Young Scholars	K-3
Brooklyn	20	20K686	Brooklyn School Of Inquiry	K-3
Queens	30	30Q300	The 30th Avenue School	K-3

MANHATTAN

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
01	01M015	P.S. 015 Roberto Clemente	K-3
01	01M110	P.S. 110 Florence Nightingale	K-3
02	02M011	P.S. 011 William T. Harris	K-3
02	02M033	P.S. 033 Chelsea Prep	K-3
02	02M077	P.S. 77 Lower Lab School	K-3
02	02M111	P.S. 111 Adolph S. Ochs	K-3
02	02M124	P.S. 124 Yung Wing	K-3
02	02M130	P.S. 130 Hernando De Soto	K-3
02	02M198	P.S. 198 Isador E. Ida Straus	K-3
02	02M217	P.S./I.S. 217 Roosevelt Island	K-3
03	03M163	P.S. 163 Alfred E. Smith	K-3
03	03M165	P.S. 165 Robert E. Simon	K-3
03	03M166	P.S. 166 The Richard Rodgers School of the Arts and Technology	K-3
04	04M102	P.S. 102 Jacques Cartier	K-3
05	05M129	P.S. 129 John H. Finley	K-3
06	06M153	P.S. 153 Adam Clayton Powell	K-3

BRONX

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
08	08X072	P.S. 072 Dr. William Dorney	Klas Kindergarten
08	08X182	P.S. 182	1-3
09	09X199	P.S. 199x The Shakespeare School	K-2
09	09X204	P.S. 204 Morris Heights	3
10	10X007	Milton Fein School	K-3
10	10X024	P.S. 024 Spuyten Duyvil	K-3
11	11X121	P.S. 121 Throop	K-3
11	11X153	P.S. 153 Helen Keller	K-3

BROOKLYN

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
13	13K009	P.S. 009 Teunis G. Bergen	K-3
13	13K056	P.S. 056 Lewis H. Latimer	K-2
13	13K282	P.S. 282 Park Slope	K-3
14	14K132	P.S. 132 The Conselyea School	K-3
15	15K032	P.S. 032 Samuel Mills Sprole	K-3
15	15K038	P.S. 038 The Pacific	K-3
15	15K230	P.S. 230 Doris L. Cohen	K-3
17	17K316	P.S. 316 Elijah Stroud	K-3
18	18K115	P.S. 115 Daniel Mucatel School	K-3
19	19K149	P.S. 149 Danny Kaye	K-3
19	19K677	East New York Elementary School Of Excellence	K-3
20	20K102	P.S. 102 The Bayview	K-3
20	20K104	P.S./I.S. 104 The Fort Hamilton School	K-3
20	20K164	P.S. 164 Caesar Rodney	K-3
20	20K200	P.S. 200 Benson School	K-3
20	20K204	P.S. 204 Vince Lombardi	K-3
20	20K205	P.S. 205 Clarion	K-3

BROOKLYN *kontinye*

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
20	20K229	P.S. 229 Dyker	K-3
20	20K748	P.S. 748 Brooklyn School For Global Scholars	3
21	21K095	P.S. 095 The Gravesend	K-3
21	21K099	P.S. 099 Isaac Asimov	K-3
21	21K215	P.S. 215 Morris H. Weiss	K-3
22	22K052	P.S. 052 Sheepshead Bay	K-3
22	22K109	P.S. 109	3
22	22K193	P.S. 193 Gil Hodges	K-3
22	22K195	P.S. 195 Manhattan Beach	K-3
22	22K197	P.S. 197 The Kings Highway Academy	K-2
22	22K236	P.S. 236 Mill Basin	K-3
32	32K376	P.S. 376	K-3

QUEENS

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
24	24Q016	P.S. Q016 The Nancy Debenedittis School	K-1
24	24Q068	P.S. 068 Cambridge	3
24	24Q119	I.S. 119 The Glendale	K-3
24	24Q153	P.S. 153 Maspeth Elem	K-3
24	24Q229	P.S. 229 Emanuel Kaplan	K-3
24	24Q290	A.C.E. Academy For Scholars At The Geraldine Ferraro Campus	K-3
24	24Q330	P.S. 330	2-3
25	25Q021	P.S. 021 Edward Hart	K-3
25	25Q032	P.S. 032 State Street	K-3
25	25Q079	P.S. 079 Francis Lewis	K-3
25	25Q165	P.S. 165 Edith K. Bergtraum	K-3
25	25Q193	P.S. 193 Alfred J. Kennedy	3
25	25Q209	P.S. 209 Clearview Gardens	K-2

QUEENS *kontinye*

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
25	25Q214	P.S. 214 Cadwallader Colden	2-3
26	26Q018	P.S. 018 Winchester	1-3
26	26Q115	P.S. 115 The James J. Ambrose School	K-3
26	26Q133	P.S. 133 Queens	K-2
26	26Q188	P.S. 188 Kingsbury	K-3
26	26Q203	P.S. 203 Oakland Gardens	K-3
27	27Q108	P.S. 108 Captain Vincent G. Fowler	K-3
28	28Q121	P.S. 121 Queens	K-3
28	28Q144	P.S. 144 Col Jeromus Remsen	K-3
28	28Q174	P.S. 174 William Sidney Mount	K-3
28	28Q220	P.S. 220 Edward Mandel	K-3
29	29Q176	P.S. 176 Cambria Heights	K-3
30	30Q085	P.S. 085 Judge Charles Vallone	K-3
30	30Q122	P.S. 122 Mamie Fay	K-3
30	30Q150	P.S. 150 Queens	K-3
30	30Q166	P.S. 166 Henry Gradstein	K-3

STATEN ISLAND

Distri	DBN Lekòl la	Non lekòl la	Klas
31	31R003	P.S. 003 The Margaret Gioiosa School	K-3
31	31R008	P.S. 8 Shirlee Solomon	K-3
31	31R042	P.S. 042 Eltingville	K-2
31	31R045	P.S. 045 John Tyler	Klas Kindergarten
31	31R050	P.S. 050 Frank Hankinson	K-3
31	31R053	P.S. 053 The Barbara Esselborn School	K-3
31	31R060	P.S. 060 Alice Austen	1-3
31	31R069	P.S. 069 Daniel D. Tompkins	3

NYC Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Tès Pratik pou Pwogram Evalyasyon pou

Timoun Douwe

(GTAP)

Eksplikasyon pou Bay Tès la

2016—2017

Pou elèv ki fèt an 2009 oswa avan

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.
Avètisman: Yo pa dwe repwodui okenn pati nan piblikayon sa a, ni transmèt li sou okenn fòm ni pa okenn mwayen, keseswa elektwonik oswa mekanik, ni tou sou fòm fotokopi, anrejistreman, oswa nenpòt sistèm estokaj oswa rekiperasyon enfòmasyon, san pèmisyon alekri pwopriyetè ki gen dwa dotè a.
Pearson, Naglieri Nonverbal Ability Test, NNAT, Otis-Lennon School Ability Test, ak **OLSAT** se mak komèsyal anrejistre nan peyi Etazini ak/oswa nan lòt peyi, pou Pearson Education, Inc., oswa afilye l (yo). Yo te deja pibliye kèk pati nan travay sa a.

1ye Pati

Tès Pratik ki Pa Oral
Enstriksyon pou Administre Tès la

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Enstriksyon Espesifik pou Administre Tès la

Kijan pou Kòmanse Tès Pratik la

1. Asire bagay swivan yo anplas:

   a. Pa gen okenn liv ak lòt materyèl ki pa gen rapò avèk tès pratik la, sou biwo oswa sou tab la.

   b. Pitit ou chita defason konfòtab.

   c. Pitit ou gen de kreyon No. 2 ki gen gòm pou efase.

2. Lonje tès pratik Vil New York pou Timoun Douwe a bay pitit ou.

3. Li enstriksyon ki ekri ak lèt fonse ki annapre yo, egzakteman jan yo ekri a. Si sa nesesè, ou ka ajoute pwòp esplikasyon pa w lè w ap li enstriksyon yo. Tèks ki ekri avèk lèt ki pa fonse yo se enstriksyon adisyonèl pou ou e ou pa dwe li yo awòtvwa.

4. Pou fasilite w, nou enprime repons kòrèk pou kesyon yo sou pati pa dèyè enstriksyon sa yo.

Fason pou Administre Tès Pratik ki Pa Oral la:

Di **Ouvri tiliv tès ou a nan paj 1 epi gade imaj yo.**

Kenbe tiliv tès la nan men w defason pou premye paj yo vizib.

Di **Gade ki sa ti gason an ap fè.**

Bay pitit ou apeprè 10 a 15 segonn pou gade enstriksyon ak imaj la.

Di **L ap chèche repons lan.**

Reponn nenpòt kesyon sou sa ti gason an ap fè.

Di **Nimewo 2 se repons lan paske li se yon kare ble. L ap plen ti sèk ki anba repons lan.**

Pwente kote repons lan ye a.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Di **Nan tiliv sa a gen kèk kesyon pou reponn. Gade chak avèk anpil atansyon ak jwenn pati ki manke a ki dwe ale nan kare ki gen pwen dentewogasyon an. Piga pèdi twòp tan sou youn nan imaj yo. Fè otan ou kapab. Si ou vle chanje repons ou, efase mak ou fè a epi plen ti sèk la pou mete nouvo repons ou an. Lè ou rive sou siy "Kanpe" a, piga kontinye. Èske gen kesyon?**

Reponn tout kesyon yo.

Di **Ou ka kòmanse.**

Bay tout asistans ki nesesè pou pitit ou ka familyarize li avèk diferan kesyon yo. Piga ekri lè pou kòmanse a oswa lè pou fini an, ni piga anonse lè yo bay pitit ou.

Lè pitit ou fini avèk tès pratik ki pa oral la,

Di **Kanpe. Depoze kreyon w lan epi fèmen tiliv tès ou a.**

Kite pitit ou pran yon ti pòz anvan li kòmanse avèk tès pratik oral la.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

2yèm Pati

Tès Pratik Oral
Enstriksyon pou Administre Tès la

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Enstriksyon pou Administre Tès Pratik Oral la

Objektif Tès Pratik sila a se pou prepare pitit ou pou l pran evalyasyon oral pou Timoun Douwe nan Vil New York la e pou l vin gen abitid avèk tip kesyon ki nan tès la. Pitit ou pral aprann kijan pou l rekonèt liy, pou l swiv yon ranje sou tout paj la de gòch a dwat, pou make repons li kòrèkteman, e pou l chanje repons yo lè sa nesesè.

Yo pa bay nòt pou Tès Pratik la. Kidonk, se pou pitit ou jwenn leplis èd posib pou konplete kesyon yo avèk siksè. Pou Tès Pratik la ka pi efikas, se pou yo administre l apeprè yon semèn anvan administrasyon tès nòmal la. Pou fasilite w, nou enprime repons kòrèk pou kesyon yo sou pati pa dèyè enstriksyon sa yo.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Enstriksyon Espesifik pou Administre Tès la

Tout enstriksyon pou li bay pitit ou a ekri avèk lèt fonse. Enstriksyon pou paran an (se pa pou yo li yo awòtvwa) ekri avèk lèt nòmal. Si ou fè yon erè lè w ap li yon kesyon pandan tès la, kanpe epi di "Non, sa a pa kòrèk. Koute ankò." Apresa, li kesyon oswa enstriksyon an kòrèkteman.

Di **Nou pral travay sou kèk pwoblèm diferan kounye a. Siman ou pral twouve yo enteresan epi yo pa òdinè, menm jan ak kastèt. Make repons ou yo nan tiliv ou a. Nou pral diskite sou chak pwoblèm ofiramezi n ap vanse, konsa ou pral konprann kijan pou travay ladan yo.**

Ouvri tiliv ou a nan premye paj pou pwochen pati tès la.

Asire ou ke pitit ou ouvri tiliv la kòrèkteman e ke se premye paj tès pratik oral la ki parèt.

Di

1 **Jwenn gwoup imaj ki sou anlè paj la bò kote nimewo 1 an. Lè imaj yo parèt sou paj la konsa, nou di yo nan yon ranje.**

Mete epi deplase dwèt ou de gòch a dwat sou paj la, pou montre sa w ap di a.

Di **Kounye a, gade kesyon 1. Imaj la ki nan kòmansman ranje a montre Gloria avèk zanmi li yo. Yo gen toujis ase bonbon sale pou yo chak yo gen de. Nan pwochen pati nan ranje a, make anba imaj ki montre konbyen bonbon sale yo genyen ototal.**

Poze pandan pitit ou ap make repons lan.

Di **Ki espas ou make?**

Poze pou tann repons lan.

Di **Wi, ou te dwe make espas ki anba twazyèm imaj la. Pou Gloria ak zanmi l yo gen de bonbon sale chak, se pou ta genyen wit bonbon sale. Ou ka wè aritmetik la pa difisil. Sa pou fè se pou koute avèk atansyon. Èske ou gen kesyon?**

Reponn tout kesyon yo. Apresa ale nan nimewo 2.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Di

2 **Kounye a ale nan kesyon 2. Gade lèt ki nan kare ki nan kòmansman ranje a. Koute règ sa a. Yon X reprezante yon A, epi yon C reprezante yon M. Nan pwochen pati nan ranje a, make anba lèt ki reprezante yon A ak yon M. Koute ankò. Yon X reprezante yon A, epi yon C reprezante yon M. Nan pwochen pati nan ranje a, make anba lèt ki reprezante yon A ak yon M.**

Poze pou pitit ou ka make repons lan.

Di **Ki espas ou make?**

Poze pou tann repons lan.

Di **Ou te dwe make espas repons ki anba dezyèm seri lèt yo. Kòm yon X prezante yon A, nou konnen ke lèt X la dwe ale anvan. Epi yon C reprezante yon M, donk lèt C a vin apre. Èske ou gen kesyon sou sa nou fèk sot fè a?**

Reponn kèlkeswa kesyon pitit ou genyen an.

Di

3 **Kounye a gade kesyon 3. Koute. Imaj ki nan kòmansman ranje a montre manje midi Liz ak Matt. Apresa, Liz manje mwatye nan sandwich li a epi li bwè tout ji l la. Matt manje pòm li an sèlman. Nan pwochen pati nan ranje a, make anba imaj ki montre manje midi Liz ak Matt kounye a.**

Poze pandan pitit ou ap make repons lan.

Di **Èske ou jwenn repons lan?**

Poze pou tann repons lan.

Di **Dezyèm imaj la se li ki se bon repons lan, se pa sa? Dezyèm imaj la montre yon manje midi avèk mwatye sandwich la ak tout ji a ki pa rete ak lòt manje midi a avèk sèlman pòm lan ki pa la. Si ou te make yon repons diferan, efase sa w te make a epi konplete espas ki anba dezyèm imaj la.**

Poze pou pitit ou ka efase epi make repons lan kòrèkteman.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Di

4 **Gade kesyon 4. Gade lèt ki nan kare ki nan kòmansman ranje a. Koute sa k ap rive. M lan deplase ale kote G a ye. J a deplase ale kote F la ye. G, F ak B a ale. Nan pwochen pati nan ranje a, make anba imaj ki montre kijan lèt yo parèt kounye a. Koute ankò sa k ap rive. M lan deplase ale kote G a ye. J a deplase ale kote F la ye. G, F ak B a ale. Make anba repons ou an.**

Poze pandan pitit ou ap make repons lan.

Di **Ki espas ou make?**

Poze pou tann repons lan.

Di **Wi, twazyèm repons lan se li ki kòrèk. Ou ka wè M la deplase ale kote G a te ye, J a deplase ale kote F la te ye, epi G, F, ak B pa la ankò. Lòt repons yo pa kòrèk paske M ak J yo nan move plas oswa gen lèt nan kare yo ki pat dwe la. Èske gen kesyon?**

Reponn nenpòt kesyon.

Di **Kounye a vire paj la. Gade kesyon 5 ki pa anlè paj la.**

Di

5 **Gade dwa flèch yo ki nan kòmansman ranje a. Flèch dwat la vle di kanpe. Flèch koube a vle di chita. Flèch ki koupe a vle di sote. Nan pwochen pati nan ranje a, make anba gwoup flèch ki vle di chita, kanpe, sote, kanpe.**

Poze pandan pitit ou ap make repons lan.

Di **Ki espas ou make?**

Poze pou repons lan.

Di **Se sa, premye repons lan se li ki kòrèk. Se sèl repons ki gen yon gwoup flèch ki vle di chita, kanpe, sote, kanpe. Èske ou make premye repons lan?**

Bay plis esplikasyon pou kesyon 5, si sa nesesè.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Di

6 **Gade dènye ranje a. Make anba imaj ki montre sa a: De timoun byen wo ki gen chapo nan tèt yo dèyè twa timoun ki kout ki pa gen chapo.**

Poze pandan pitit ou ap make repons lan.

Di **Ki espas ou make?**

Poze pou repons lan.

Di **Wi, katriyèm repons lan se li ki kòrèk. Se li ki se sèl imaj ki gen de timoun wo ki gen chapo nan tèt yo ki kanpe dèyè twa timoun kout ki pa gen chapo. Èske ou konprann?**

Asire w ke pitit ou konprann kesyon 6.

Di **Se tout sa n ap fè pou kounye a. Depoze kreyon w lan. Nan detwa jou, ou pral fè plizyè lòt pwoblèm konsa. Y ap sanble tankou ou fè yo deja, paske ou pral sonje kijan pou fè yo. Fèmen tiliv ou a yon fason pou kouvèti devan an sou anlè.**

Montre kijan pou fè l. Apresa pran tiliv tès la. Nou rive nan fen Tès Pratik la.

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.

Lis Repons ki Kòrèk yo

Tès Pratik ki Pa Oral

1	3
2	1
3	1
4	4
5	4
6	4
7	4
8	5

Tès Pratik Oral

1	3
2	2
3	2
4	3
5	1
6	4

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. Tout dwa rezève.



Tès Pratik pou Pwogram Evalyasyon pou

Timoun Douwe

(GTAP)

2016—2017

Pou elèv ki fèt an 2009 oswa avan

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.
Warning: No part of this publication may be reproduced or transmitted in any form or by any means, electronic or mechanical, including photocopy, recording, or any information storage and retrieval system, without permission in writing from the copyright owner.
Pearson, Naglieri Nonverbal Ability Test, NNAT, Otis-Lennon School Ability Test, and **OLSAT** are trademarks in the U.S. and/or other countries of Pearson Education, Inc., or its affiliate(s). Portions of this work were previously published.

Part 1

Nonverbal Practice Test

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.



Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

1





① ② ③ ④ ⑤

2



① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

3



① ② ③ ④ ⑤

4





① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

5





① ② ③ ④ ⑤

6



① ② ③ ④ ⑤

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

7



8



Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

STOP

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

Part 2

Verbal Practice Test

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

1









2

XM	AX	XC	MA	CM
AC				

3











4

	M		B
G			
		J	F

			B
M			
			J

J			F
M			B

M			
			J

J			
			M

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

5

6



STOP

Copyright © 2012 NCS Pearson, Inc. All rights reserved.

FAMILY WELCOME CENTERS

Borough	Distri	Sant Akèy pou Fanmi
Bronx	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, 7th Floor Bronx, NY 10458
	8, 11, 12	1230 Zerega Avenue, Room 24 Bronx, NY 10462
Brooklyn	17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, 3rd Floor Brooklyn, NY 11230
	20, 21	415 89th Street, 5th Floor Brooklyn, NY 11209
	19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Room 116 Brooklyn, NY 11233
	13, 14, 15, 16	29 Fort Greene Place, Basement (BS12) Brooklyn, NY 11217
Manhattan	1, 2, 4	333 Seventh Avenue, 12th Floor, Room 1211 New York, NY 10001
	3, 5, 6	388 West 125th Street, 7th Floor, Room 713 New York, NY 10027
Queens	24, 30	28-11 Queens Plaza North, 3rd Floor Long Island City, NY 11101
	25, 26	30-48 Linden Place, 2nd Floor Flushing, NY 11354
	27, 28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, 1st Floor Jamaica, NY 11435
Staten Island	31	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301

Tanpri rele nan 718-935-3500 oswa ale sou sitwèb la nan schools.nyc.gov/welcomecenters pou konnen kilè Sant Akèy pou Fanmi yo louvri.

Dat Enpòtan

2016
Nov

Sesyon enfòmasyon pou Admisyon nan Lekòl Primè*

2016
Novanm
14

Dat limit pou Demann pou pran Tès (RFT)

*Anrejistre w pou yo ka mete w sou lis pou resevwa imèl sou Admisyon nan Pwogram pou Timoun Douwe oswa rele 718-935-2009 pou enfòmasyon sou dat ak adrès

Janvye 2017

Tès pou elèv ki aktyèlman nan lekòl piblik klas kindergarten jouk rive 2yèm ane

4-20

Tès pou elèv ki aktyèlman nan pre-kindergarten ak nan lekòl ki pa lekòl piblik

7 **8** **14** **15**

21 **22** **28** **29**

2017
Kòmansman
Avril

Yo voye rapò sou rezilta yo ak aplikasyon yo bay elèv ki elijib yo

2017
Avril
24

Dat Limit pou soumèt aplikasyon

2017
Kòmansman
Jen

Yo voye lèt òf yo bay fanmi yo

2017
Jen
16

Dat limit pou aksepte oswa refize òf yo

NYC Department of Education
Bill de Blasio
Mayor
Carmen Fariña
Chancellor